17 [illegible] 1931 [illegible] VI

[illegible]


N. V.
„Impla" Weltevreden
BAYER
TABLET
ASPIRIN
TIDAK ADA
BANDINGANNJA
DI
DOENIA
ROEMAH OBA
DISINI BISA DAPET BELI
TABLET ASPIRIN
ASPIRIN
Aspirin Tablet
ASPIRIN
Willig

GORKOM

GORKOM

GORKOM

GORKOM

G
O
GORKOM
K
O
M

J. VAN GORKOM & Co., APOTHEKERS

tell. 88. Wilhelmina Apoth., Bodjong, tel. 111. telf. 61.
V. Gorkom & Co., Pekodjan 78, tel. 1764.

Bandoengsche Apotheek tjaket kamar bola Beng Seng Apotheek
Groote Postw. 9, tl. 312 & 322. telf. 133. Pantjoran 50, tl. Bt. 911.

GORKOM

BADAN SAPATA

Serie No. 949

ANGGITANIPOEN

HECTOR MALOT

Djilid I, 64 katja, mawi gambar,
regi . . . . . f 0.28

Anjarijosaken lelampahanipoen laré, anakipoen tijang soegih ing nagari Inggeris. Nalika taksih alit, laré waoe dipoen tjolong pamanipoen kaboetjal ḍateng tanah Prantjis. Awit pamanipoen mélik ḍateng banḍa tetilaraning bapakipoen laré poenika.

Laré toewin tijang sepoeh temtoe sami seneng maos tjarijos poenika.

Balé Poestaka — Batavia-Centrum

Serie No. 59.

3

	I	f 0.20
„	II „	„ 0.20
„	III „	„ 0.20
„	IV „	„ 0.25

ᠬᠣᠯᠪᠣᠭᠠᠳᠤ ᠬᠡᠪᠯᠡᠯ ᠪᠣᠯᠣᠨ ᠠᠷᠠᠳᠤᠨᠤ ᠬᠡᠪᠯᠡᠯ 17 ᠵᠢᠷᠬᠤᠭᠠᠨᠳᠠᠭᠠᠨ 1931 ᠣᠨᠳᠤ ᠬᠡᠪᠯᠡᠭᠳᠡᠪ VI.

ᠬᠣᠯᠪᠣᠭᠠᠳᠤ ᠬᠡᠪᠯᠡᠯ

ᠠᠪᠤᠴᠠᠯᠳᠠᠨ ᠬᠣᠯᠪᠣᠭᠳᠠᠭᠰᠠᠨ ᠬᠣᠯᠪᠣᠭᠳᠠᠭᠠᠨᠳᠠᠭᠠᠨ ᠬᠣᠯᠪᠣᠭᠳᠠᠭᠠᠨᠳᠠᠭᠠᠨ

ᠬᠣᠯᠪᠣᠭᠠᠳᠤ ᠬᠡᠪᠯᠡᠯ ᠪᠣᠯᠣᠨ ᠠᠷᠠᠳᠤᠨᠤ ᠬᠡᠪᠯᠡᠯ

ᠬᠣᠯᠪᠣᠭᠠᠳᠤ ᠬᠡᠪᠯᠡᠯ — 6 ᠳᠤᠭᠠᠷ ᠰᠠᠷᠠ

ᠬᠣᠯᠪᠣᠭᠳᠠᠭᠠᠨᠳᠠᠭᠠᠨ

ᠬᠣᠯᠣᠨᠳᠤ ᠬᠣᠯᠣᠨᠳᠤ ᠪᠣᠯᠤᠨ ᠬᠣᠯᠣᠨᠳᠤᠨᠳᠤ

ᠬᠣᠯᠣᠨᠳᠤ ᠬᠣᠯᠣᠨᠳᠤᠨᠳᠤ

I

PANTI JOSO
DJOKJA
KLATEN
BEDJI
TRDETJOEK
TJEPER

[illegible]

[illegible]

[illegible]

MADJE MAN

ཁ

ཁ་ཁ། ཁ་ཁ་ཁ ཁ ཁ

ᠬᠠᠮᠤᠵᠢᠨ ᠳᠤᠷᠠᠨᠳᠠᠨ᠃

ᠬᠠᠭᠠᠨᠳᠠᠭᠠᠨᠠᠳᠠᠭᠠᠨᠠᠳᠠᠭᠠᠨᠠ

VOLKSALMANAK DJAWI 1932 F 0.64

[illegible]

[illegible] 3791 [illegible] I [illegible] 18 [illegible] 1904 [illegible] 2 [illegible] 1833 [illegible] II [illegible] 10 [illegible] 1837 [illegible] 10 [illegible] 1837 [illegible] 23 [illegible] 1907 [illegible] III [illegible] 30 [illegible] 1908 [illegible] 28 [illegible] 1838 [illegible] IV [illegible] 23 [illegible] 1911 [illegible] 1 [illegible] 1841 [illegible]

[illegible] S. [illegible] a. 12 [illegible] 1899 [illegible] 29 [illegible] 1823 [illegible] b. 12 [illegible] 1829 [illegible] 10 [illegible] 1900 [illegible] c. 5 [illegible] 1904 [illegible] 21 [illegible] 1834 [illegible] d. 14 [illegible] 1922 [illegible] 21 [illegible] 1853 [illegible] e. [illegible] 1923 [illegible] 29 [illegible] 17 [illegible] f. [illegible] 1927 [illegible] 8 [illegible] 5 [illegible] 1857 [illegible]

ᠬᠣᠶᠠᠷᠳᠤᠭᠠᠷ ᠵᠣᠯᠪᠠᠨ ᠳᠤᠴᠢᠶᠠᠨ ᠤ ᠳᠤᠲᠤᠨᠳᠠᠭᠠᠨ ᠪᠣᠯᠤᠭᠰᠠᠨ ᠪᠣᠯᠣᠨ ᠴᠢᠳᠠᠪᠤᠷᠢ

"81 ᠵᠢᠨᠬᠡᠨᠳᠡᠭᠡᠨᠳᠡᠭᠡᠨᠳᠡᠭ

ประตูกำแพงเมืองจีนที่ด่านซานไห่กวน

ក្នុងពេលដែលគ្រឿងបាំងការពារ K. N. I. L. M. ត្រូវបានដាក់ចេញ ក្រុមការងារ ត្រូវធ្វើការងារ ដើម្បីកម្ចាត់ចោលនូវ ធូលីដីនិងកាកសំណល់ ដែលកកកាយ ជាប់ក្នុងការ ដាក់ចេញ ។

NGOBROL ING DINTEN SABTOE.

Wontenipoen sembah lan ḍoḍok.

Wiwit kina makina. sembah ḍoḍok poenika sampoen dados tata-tjaranipoen tijang Djawi. Nanging menggahing koela ingkang bakoe soewaoe-waoenipoen namoeng sembah, dêné wontenipoen ḍoḍok poenika namoeng dados èmbèl-èmbèlipoen sembah waoe, inggih poenika amrih sampoen ngantos ngoengkoeli ḍateng ingkang wadjib dipoen sembah.

Kinten koela toewoehipoen tata tjara sembah, poenika namoeng saking anggènipoen baḍé anglairaken oetawi ngatingalaken genging panarimahipoen. Amila tjaranipoen tijang njembah poenika tanganipoen kalih pisan kadadosaken satoenggal kadosdéné wonten barang ingkang dipoen raoep ladjeng katèmpèlaken wonten ing sapoetjoeking grana, ingkang ateges sadaja ḍawoeh toewin pangandikanipoen katampi kanṭi soeka lan renaning manah saha kapoenḍi-poenḍi. Nanging poenika inggih namoeng saking pangoṭak aṭik koela pijambak, leres botenipoen njoemanggakaken.

Djalaran saking poenika koela ladjeng anggaḍahi gagasan, bilih ingkang pantes dipoen sembah waoe, kadjawi Ingkang Maha Koewasa, bakoenipoen inggih namoeng wonten sekawan golongan. Inggih poenika:

1e. Golonganing ratoe. 2e. Tijang sepoeh. 3e. Goeroe lan 4e. Marasepoeh.

Golongan ratoe, inggih poenika ingkang dados lantaran maringi sanḍang teḍa, dados inggih pangageng lan sasaminipoen, koela anggep wadjib dipoen sembah, boten sabab anggènipoen dados lantaran maringi sanḍang teḍa waoe, djalaran ngrikinipoen rak sampoen dipoen penḍet damelipoen, nanging ingkang dipoen sembah waoe: panganggepipoen ingkang saé, sih parimarmanipoen, adilipoen lan sanès-sanèsipoen ingkang moerakabi ḍateng gesangipoen. Inggih sembahipoen poenika ingkang minangka anggènipoen baḍé anglairaken genging panarimahipoen ḍateng pangageng waoe.

Tijang sepoeh wadjib dipoen sembah, djalaran kadjawi dados tetoeroetaning gesangipoen ingalam donja, inggih ingkang anggoelawenṭah, moelasara, njan ḍang toewin neḍani sarta sanès-sanèsipoen malih, ingkang wosipoen tansah amrihatosaken moerih saéning kadadosanipoen. Amila menggahing koela pijambak inggih tijang sepoeh waoe ingkang wadjib nomer wahid dipoen sembah ngoengkoeli sanèsipoen.

Goeroe, poenika ingkang njoekani piwoelang moerih laré angsal kasagedan ingkang anjekapi kanggé sangoenipoen gesang ing tembé wingking. Amila inggih pantes sanget, bilih goeroe poenika wadjib kedah dipoen sembah..

Marasepoeh déné sampoen angrilakaken ḍateng banḍanipoen ingkang ageng pijambak, inggih poenika anakipoen, dados tetimbanganing gesangipoen, ingkang njanggi sakit lan sekétjanipoen tijang kekalih. Dados inggih sampoen temtoe, bilih marasepoeh inggih kedah tampi sembah waoe.

Nanging menggahing djaman samangké, inggih djaman apoes-apoesan poenika, kadjenging sembah waoe djeboel tjawang dados sekawan, inggih poenika ingkang koela wastani: sembah soetji, sembah pasrèn, sembah panoetoep toewin sembah pados penḍok.

Menggah pikadjenganipoen sembah soetji, poenika ingkang toewoehipoen kalijan legalegawaning manah sajektos, dados toewoeh saking manah soetji.

Sembah pasrèn, poenika oepami gangsaa makaten inggih gongipoen. Saben sapada mawi dipoen padaloengsèni sembah. Malah ingkang besoes, panjembahipoen waoe mawi dipoen serot ngantos moengel: sentloep.

Sembah penoetoep, poenika sembah ingkang kadoek kerep preloe kanggé noetoepi kalepatanipoen soepados ingkang dipoen sembah waoe kasoepèn ḍateng kapreloewan, ngemoengaken toengkoel ngraosaken nikmatipoen tampi sembah ingkang rinḍil waoe.

Déné sembah pados penḍok, poenika ingkang sembahipoen maligi namoeng baḍé kanggé gegaran anggènipoen angsal kapitadosan toewin katresnan.

Ingadjeng sampoen koela pratélakaken, bilih ing djaman samangké poenika djaman apoes-apoesan, poenika sababipoen déné ingkang koela wastani nomer wahid ingkang kedah dipoen sembah, inggih poenika tijang sepoeh, prasasat boten wonten ingkang dipoen sembah malih. Makaten oegi goeroe lan marasepoeh. Dados sembah waoe samangké kantoen toèmrap ḍateng para pangageng kémawon. Sadjakipoen kiranging sembah ḍateng tigang golongan waoe, ing samangké malah sampoen kaborongaken dipoen gamblokaken pisan ḍateng para pangageng. Amila menggahing koela wontenipoen ada-ada samangké angoedi moerih itjaling sembah, poenika kados wonten èmperipoen, bok manawi djalaran wontenipoen sembah ingkang taksih kalampah samangké poenika prasasat mèh palson sadaja, ingkang kaṭah-kaṭah sembahipoen waoe namoeng kantoen sembah penoetoep lan sembah pados penḍok, ingkang kadadosanipoen sok namoeng mahanani ḍateng lelampahan peteng kémawon, tegesipoen ingkang ngandap anggènipoen njembah namoeng pados penḍok lan noetoepi kalepatanipoen, ingkang nginggil manawi boten dipoen sembah moering-moering.

Nitik wontenipoen seratan inginggil, ingrikoe tjeṭa, bilih sembah poenika ingkang kaṭah-kaṭah nama palsoe. Ing sarèhning sampoen dipoen wastani palsoe, poenapa inggih taksih baḍé dipoen lestantoenaken kaagem? Para maos kados sampoen angoeningani, bilih barang poenapa kémawon manawi palsoe boten prajogi sanget dipoen agem. Malah kaḍang kala barang

ingkang palsoe poenika sok ambebajani. Kadosta djampi-djampi wedalan apotheek, poenika manawi ngantos dipoen palsoe, inggih saged andrawasi sajektos. Makaten oegi sembah, manawi toemandoekipoen palsoe inggih badé ambebajani toemrap ingkang anampèni sembah. Amila koela inggih anajogjani sanget dateng itjaling sembah waoe.

Nanging kadospoendi pamboedidajanipoen amrih sembah poenika sageda itjal, djalaran dipoen sembah poenika pantjèn: sèwoe étja dados satoenggal. Raos: goerih, legi, manis, njamleng, gandem, nikmat, poenika sadaja dipoen borong. Amila wonten raos inggih angler sanget. Ing mangka mitoeroet piwoelangipoen para sepoeh, adamel nikmat lan leganing lijan poenika satoenggiling gandjaran ingkang ageng sanget. Ingkang poenika sakatahing tijang ladjeng sami ngloemoehi anetepi piwoelang inginggil, poenapa malih kadar sembah poenika boten kanti kétjalan arta, dados mila inggih gampil sanget toemindakipoen.

Djalaran ingkang makaten waoe, ada-ada badé angitjali sembah poenika inggih ladjeng angèl sanget. Sagedipoen kaleksanan boten namoeng saking golongan nganḍap, sanadyan golongan nginggil oegi kedah ambantoe kanti jektosan. Langkoeng-langkoeng golongan nganḍap toewin golongan nginggil, poenika sami gaḍah kajakinan pijambak-pijambak ingkang oegi andjalari angèling itjalipoen sembah waoe. Kadosta: toemraping-nganḍap, poenika toemandoeking sembahipoen, mengkoe kadjeng kalih warni. Sapisan saking anggènipoen ngroemaosi golongan alit oetawi enèm, dados anggaḍahi wadjib anjembah ḍateng ingkang langkoeng loehoer oetawi ingkang langkoeng sepoeh, moerih sampoen ngantos dipoen anggep tijang ingkang boten mangretos ḍateng tatakrama. Kaping kalih djalaran remen, sebab badé anglenggahi ḍateng kadjawènipoen.

Bab ingkang kapisan, poenika inggih pantjèn nama oetami, déné netepi tatakrama. Nanging tatakrama waoe sampoen ngantos keladoek, saangsal-angsal ingkang saged salaras kalijan djamanipoen. Déné ingkang kaping kalih, badé anglenggahi kedjawènipoen, poenika satoenggiling raos kebangsan ingkang loehoer sanget. Nanging inggih kedah angèngeti ḍateng gegajoehaning djaman. Tatatjara oetawi padatan ingkang pantjèn saé lan maṭoek kalijan djamanipoen, poenika inggih pantjèn pantes sanget dipoen gondèli, nanging tatatjara toewin padatan ingkang sampoen boten andjamani, poenapa malih ingkang kinten-kinten badé ngasoraken dradjating bangsa, poenika sasaged-saged inggih kedah dipoen boetjal.

Menggah toemraping nginggil lestantoenipoen sembah waoe ingriki boten preloe kaanḍaraken pandjang-pandjang, awit dipoen sembah poenika, kados ingkang sampoen katjarijosaken inginggil, pantjèn inggih: sèwoe étja dados satoenggal.

Éwasamanten koela pitados bilih sembah, makaten oegi inṭilanipoen, inggih poenika: anḍoḍok, dangoening dangoe saking sakeḍik temtoe badé itjal. Djalaran koela pitados sanget ḍateng ombaking djaman, sanadyan djaman poenika gesangipoen saking ébah-ébahan oetawi saking boedidaja miwah pakartining manoesa, nanging bilih djaman waoe sampoen wiwit moebeng, poenika lampahipoen ladjeng mbalik amengkoe ḍateng tetijangipoen, mila ladjeng wonten oengeloengelan: „Djanma ikoe kawasésa ing djaman."

Dados saoepami lampahing djaman sampoen toemindak, koela sadaja boten wonten ingkang saged angenḍakaken lampahipoen; dipoen gondèlana inggih meksa amberoeng, malah manawi dipoen rosani anggènipoen anggondèli, lampahipoen saja badé rikat sanget.

Paribasanipoen para sepoeh ingkang moengel: „Sapa weroeh ing panoedjoe, sasat soegih pageré wesi," poenika pantjènipoen dados poesaka ingkang kedah dipoen pepetri.

Ingriki boten preloe anjerati kaṭah-kaṭah ingkang wosipoen namoeng ateges pangalembana, soemangga para maos sami koela atoeri nolèh njawanga sakeḍap ḍateng wontenipoen karadjan kadipatèn Mangkoenegaran, poenapa sababipoen déné saja wewah-wewah kaloehoeran toewin saja dipoen soejoedi ḍateng para kawoelanipoen? Poenika boten sanès inggih djalaran saged noedjoe ḍateng pikadjenging djaman. Sampoen wiwit kala alamipoen soewargi K. G. P. A. A. Mangkoenegoro VI, ing pradja Mangkoenegaran anggènipoen angirang-ngirangi bab lampahing sembah ḍoḍok. Para kawoela sami dipoen parengaken namoeng njembah kaping kalih, inggih poenika nalika marak kalijan nalika oendoeripoen kémawon, déné nalika matoer oetawi tampi ḍawoeh namoeng saanggatosaken (tanpa sembah). Sembah tjara makaten poenika ladjeng kènging dipoen samèkaken kalijan patrapipoen saraḍaḍoe soeka oermat ḍateng pangagengipoen, inggih poenika ingkang dipoen wastani: saluweer. Dipoen sawang katingalipoen inggih: bregas, srigak toer inggih amantesi.

Ing sarèhning tata tjara saha bab lampahing sembah ḍoḍok ingkang sampoen toemindak wonten ing pradja Mangkoenegaran, poenika tetéla andjamani sanget ingatasipoen djagading kabangsan Djawi, toemrap laraping kalamangsanipoen andandosi kawontenan, saha ingkang pantes pinoedji ing djagad, lah poenapa para prijagoeng Goepermènan ingkang sami ngasta pangawasa saha kawadjiban nata tatatentreming tetijang bawahipoen, boten preloe sami kapareng nélad lekas ingkang langkoeng oetami oetawi ingkang sampoen njata saé lan miraos wohipoen poenika? Kados preloe sanget.

Toetoeping obrolan koela poenika koela soemanggakaken ḍateng panggalihipoen para pangadjeng ingkang sami amboedidaja moerih soepeketing golongan nganḍap kalijan nginggil, saha ingkang tansah amemoelih moerih rahajoening djagad.

PENṬOEL.

INDONESIA.

Malaria ing Ḍigoel. Ing salebetipoen satengah taoen Parèntah ngoedi itjaling sesakit malaria ing Ḍigoel. Mitoeroet palapoeranipoen Dr. W. Mooy, ingkang kapidji nindakaken damel, mratèlakaken ing sapoenika ing Ḍigoel sampoen boten wonten sesakit malaria malih, ing pangadjeng-adjeng saladjengipoen sageda lestantoen makaten.

Itjaling sesakit malaria waoe njarengi kalamangsa kalijan wangsoeling tetijang ingkang sami kaparengaken wangsoel dèning Parèntah. Poenika kawiloedjengan ingkang saèstoe.

Sedya oetami. Wonten pawartos, bilih toewan R. M. Notokoesoemo klerk kantor dagang ing Tjilatjap, wiwit woelan November ngadjeng poenika baḍé njèlèhaken padamelanipoen, djalaran baḍé ngadani pakempalan coöperatie gaḍahaning bangsanipoen pijambak.

Sadjakipoen samangké raos kabangsan saja roemasoek ing baloeng soengsoem. Ingatasipoen sampoen gaḍah padamelan ingkang maton, teka dipoen gléṭakaken kanṭi wani kémawon, preloe ngadani pakarjan ingkang dèrèng temtoe menggahing pangadjengipoen. Moegi-moegi pangoèrbanipoen R. M. Notokoesoemo waoe sampoen ngantos damel kedoewoeng ing tembé wingkingipoen, nanging malah sageda adamel leganing manahipoen.

Patih Rembang. Kawartosaken, bilih wiwit tg. 30 November 1931 poenika, pandjenenganipoen Radèn Haroen Tjitrasoma Patih ing Rembang, baḍé njèlèhaken kalenggahanipoen.

Wah, mesṭi kaṭah para Wadana ingkang sami ḍeg-ḍegan. Sinten kinten-kinten ingkang baḍé ngoeṭoet?

Pambikakipoen Volksschouwburg ing Semarang. Kala malem Minggoe kapengker, Volksschouwburg gaḍahanipoen Volkskunstvereeniging „Sobokarti" ing Semarang, sampoen kabikak mawi paargjan, kaṭah ingkang sami rawoeh, toewan Gouverneur toewin resident oegi rawoeh.

Poenika satoenggiling kamadjengan ing Semarang, Kedjawèn ngatoeraken pamoedji ardja.

Nationale Bank ing Fort de Kock. Kabaripoen pakempalan H. S. I. (Himpoenan Saudagar Indonesia) inggih poenika pakempalanipoen para soedagar ing Fort de Kock (Soematra) samangké sampoen ngadegaken satoenggiling Bank ingkang dipoen wastani: „Aboean Saudagar". Menggah Bank waoe anggaḍahi pawitan ƒ 25000.—

Ing Soerabaja sampoen wonten Bank Nationaal, ing Fort de Kock „Aboean Saudagar". Poendi malih?

Taman-poestaka Islam. Mitoeroet serat kabar „Waktoe", inggih poenika serat kabar ingkang kakinten baḍé kawedalaken bèndjing tanggal 1 Januari 1932, ing Betawi baḍé dipoen wontenaken taman-poestaka Islam, ingkang baḍé dipoen wastani: Wakaf Annadil Islam. Menggah rantjanganipoen ingkang kanggé wragad ƒ 200.000.- inggih poenika arta angsal-angsalanipoen saking drema.

Wah, manawi taman-poestaka poenika sajektos saged ngadeg, inggih pantjèn kénging dipoen seboet: kampi dalah djempol pisan. Djalaran taman-poestaka poenika pantjèn ageng goenanipoen toemrap oemoem. Nanging ing sarèhning djamanipoen saweg rekaos makaten, manawi saèstoe saged angempalaken arta ƒ 200 000.— poenapa boten langkoeng saé arta waoe dipoen pigoenakaken ḍateng kaboedidajan sanès-sanèsipoen roemijin? Kadosta ngedegaken bank Islam, ngijati ada-adanipoen: Mohamadijah anggènipoen baḍé ngadani ing bab baita Kadji pijambak, lan sanès-sanèsipoen.

Jaarmarkt Soerabaja. Kawartosaken bilih angsal-angsalanipoen Jaarmarkt ing Soerabaja manawi kapanḍing kalijan angsal-angsalanipoen ing taoen kepengker, sajektos kirang sanget, sanadjan angsal-angsalanipoen arta kartjis langkoeng kaṭah katimbang tapsiranipoen. Menggah angsal-angsalanipoen Jaarmarkt waoe ing taoen poenika goenggoeng kempal wonten ƒ 106.500.— manawi kapanḍing kalijan kala ing taoen ingkang kapengker, angsal-angsalanipoen soeda ƒ 20.000.—

Jak, pantjènipoen rak kedah ngoetjap: bolé bilang oentoengnja, ingatasipoen djaman saweg rekaos makaten, teka saged angsal arta samanten kaṭahipoen. Déné boten kapeksa anggoeloeng gelaran, lo poenika rak sampoen: alkamdoelillah rinḍil sajektos.

Mohammat Hatta. Wonten pawartos, bilih toewan Mohammat Hatta boten dangoe malih doemoegi ing Betawi, saha ladjeng toemoenten baḍé njamboetdamel wonten ing panggaotan gaḍahaning bangsanipoen pijambak.

Pawartos poenika adamel bingahing akaṭah. Djalaran toewan Mohammat Hatta poenika pasinaonipoen wonten ing pamoelangan loehoer babagan among dagang. Dados toewan waoe anggebjoer wonten ing djagad panggaotan, poenika pantjèn inggih nama maṭoek sanget. Kadjawi poenika tanah Indonesia poenika samangké taksih betah sanget kalijan panoentoen ing bab ilmoe dagang toewin panggaotan. Awit panoentoen ingkang makaten poenika, taksih langka. Amila manawi toewan Moh. Hatta poeroen njèlèhaken kapoelitikanipoen, ladjeng ngemoengaken soeka toentoenan ing babagan panggaotan, baḍé ageng sanget goenanipoen toemrap tanah Indonesia.

Biḍal ḍateng Soerabaja. Awit baḍé ngrembag wontenipoen congres Indonesia Raja, toewan-toewan Thamrin toewin Mr. Sartono baḍé biḍal ḍateng Soerabaja ing dinten Minggoe ngadjeng poenika.

Moegi-moegi wontenipoen congres Indonesia sageda andjalari roekoen saha saijeging pakempalan ing tanah Indonesia sadaja. Sampoen toengkoel namoeng tjakar-tjakaran kémawon, minḍak sami keplok bokong, kenḍang ḍengkoel para ingkang sami boten najogjani ḍateng pergerakan kita poenika.

Kaboedajan nenoen. Kawartosaken, ing Tasikmalaja wonten tijang siti baḍé ngedegaken satoenggiling N. V. kanṭi pawitan ƒ 50.000.— kanggé panggaotan nenoen. Sanadjan bab poenika saweg ada-ada, sampoen kaṭah rembag ingkang mrajogèkaken sakétjaning lampah, moerih boten damel kapitoenan ing wingking.

Wohing kamadjengan djaman sapoenika, ing bab poenapa kémawon, preloe ngramèkaken rembag ingadjeng, dèning saking sampoen koelina ngraosaken étja ingadjeng, anggarenḍèl ing wingking.

Tindak pamrajogi. Kawartosaken, Mr. C. W. Wormser, pangarsaning Ned. Ind. Plantersbond, ngatoeraken serat patoeran ḍateng Kangdjeng Toewan Ingkang Witjaksana, njoewoen baḍé sowan audentie. Ing serat patoeran waoe mratèlakaken ing bab kasamaraning golongan poenggawa kaboedidajan. Manawi panjoewoenipoen sowan poenika kaparengaken, baḍé mratèlakaken ing bab pitoeloengan ingkang sakinten saged katindakaken dèning Parèntah, moerih boten kelampahan angèndeli poenggawa kaboedidajan kaṭah oetawi nindakaken pitoeloengan ḍateng koelawarganing poenggawa ingkang sampoen ḍipoen kèndeli. Sapoenika wonten pawartos panjoewoenipoen audentie waoe kaparengaken.

Sadaja tindak ingkang notjogi kalijan kalamangsanipoen, sanadjan wohipoen dèrèng temtoe, nanging saged damel senengipoen ingkang ambetahaken.

Soedoek-soedoekan djalaran rebatan waranggana. Ing Bekasi mentas wonten tijang nénéman kekalih soedoek-soedoekan wonten ing papan pasamoean, djalaran rebatan ringgit.

Jak, poenika kalebet pakabaran ngisin-isini, sampoen sanès djamanipoen. Éwadéné, lelampahan kados makaten waoe sok teksih toekoel. Tindak makaten poenika prajogi: stop.

Coöperatie P. K. N. Ing dalemipoen B. P. H. Hadiwinoto, Ngajogja, mentas dipoen wontenaken parepatan oemoem, ngrembag bab adeging coöperatie P. K. N. pinten-pinten panggénan ingkang kagolongaken dados satoenggal, kanamakaken „Tjondong tjampoer". Ingkang ngrawoehi ing parepatan gangsal atoesan, oegi katah para Bandara Pangéran ingkang rawoeh.

Ing djaman sapoenika para loehoer oegi kapareng ngemori damel ingkang kados makaten, njata dados satoenggiling kamadjengan.

Pangiridan ing K. W. S. Wonten pawartos, wiwit tanggal 1 woelan poenika, para moerid K. W. S. ingkang sampoen lami angsal arta pitoeloengan kanggé sinaoe, sapoenika dipoen sowak. Kadjawi poenika taksih wonten tatanan malih, inggih poenika angka rapport 5 ingkang roemijin kapétang njekapi, sapoenika namoeng kapétang mèh njekapi, toewin lamining sinaoe kawewahan sataoen, sapoenika dados 5 taoen.

Djalaran saking wontenipoen tatanan ingkang kados makaten poenika, toemrap moerid anakipoen tijang katjingkrangan, ingkang roemijin angsal oeroenan waragad saking Paréntah, kapeksa ladjeng medal saking pamoelangan.

Hem, ladjeng kados poendi.

Malèsèd ing siti Karadjan Djawi (Vorstenlanden). Mitoeroet pawartos saking Soer. Hbld. indaking séwan siti kaboedidajan-kaboedidajan ing Karadjan Djawi ingkang sampoen toemindak 10 taoen sasampoenipoen kawontenaken pranatan énggal ing bab siti, ing sapoenika dados rembagipoen Gouverneur-Gouverneur kalijan toewan-toewan kaboedidajan, lan mitoeroet wewaton pangrembag manawi kawontenan kaboedidajan preloe angsal soedan séwan siti, saged kaoesoelaken moerih mandaping séwan siti waoe.

Inggih saweg pinanggih wonten ing djaman malèsèd poenika, kaboedidajan ngraosaken kawratan njanggi paséwan siti ing Karadjan Djawi.

Goenggoengipoen tetijang ingkang tiwas djalaran sakit pèst. Kawartosaken saking Bogor, wiwit tanggal 9 Augustus doemoegi tanggal 5 September 1931, goenggoengipoen tetijang ingkang tiwas djalaran sakit pèst wonten 240, lan mitoeroet pétangan kados makaten ing taoen 1930 wonten 201. Goenggoenipoen tetijang ingkang tiwas sadaja ing wiwit tanggal 1 Januari 1931 doemoegi 5 September 1931 wonten 2579, déné pepétangan kados makaten ing taoen 1930 wonten 2129.

Pinoedji, sesakit poenika toemoentena sirep.

Pabojongan bangsa Djawi. Béndjing salebetipoen woelan November ngadjeng poenika Comité pabojongan badé ngatoeraken palapoeran ing bab kawontenanipoen pabojongan bangsa Djawi ing tanah sabrang. Palapoeran waoe ngewrat pratélan tjara-tjaranipoen ngadjengaken pabojongan. Sapisan mawi ngawontenaken sesorah ingkang saé, toewin kaping kalihipoen kalajan ngawontenaken tatanan moerih wragad-wragad pabojongan ing papan énggal saged irid.

Soekoer manawi tindak ingkang adamel prajogi boten kandeg déning awoning djaman.

Irrigatie ing Lampoeng. Ing sapoenika irrigatie ing Way Teboe, Telok Betong sampoen kabikak. Padamelan waoe katindakaken sampoen 4 taoen, waragadipoen telas 1.2 joeta roepijah. Ing sapoenika pabojongan Djawi ing Gedong Tataan badé saged nggarap siti boten kekirangan toja.

Poenika satoenggiling kabegdjan toemrap tijang pabojongan, temtoe boten tilar piwales saé ing tembé wingking.

Segawon adjag. Golongan pangrèh pradja ing Malang tampi palapoeran saking tetijang doesoen, bilih ing wana toetoepan ing redi Ardjoena katah grombolan segawon adjag. Grombolan segawon adjag waoe asring nempoeh maésa toewin kidang. Satoenggiling kapal kaboedidajan ingkang kabloesoek dateng wana ngrikoe, dipoen tempoeh saha ladjeng dipoen mangsa déning grombolaning segawon adjag waoe.

Poenapa segawon adjag waoe oegi panoenggilaning katradjang djaman malèsèd; oegi mèmper, nanging ateges kekirangan teda ing wana.

Angsal-angsalan N. I. S. Angsal-angsalanipoen N. I. S. ing woelan September wonten *f* 1.274.000.— September 1930 wonten *f* 1.671.000.— Wiwit Januari doemoegi September 1931 wonten *f* 10.156.000.— Januari doemoegi September 1930 wonten *f* 11.739.000.—

Toemrap N. I. S. soedaning angsal-angsalanipoen waoe, saged oegi ingkang sapérangan ageng saking moendoering gendis, awit N. I. S. poenika lampahipoen ngambah pagendisan. Makaten oegi saking katahing autobus, ingkang noenggil lampah kalijan spoor N. I. S.

Pakempalan kakisroehan arta. Pakempalan Arta Nimpoena, inggih poenika satoenggiling pakempalan para goeroe ing Djoewana anglempakaken arta, salebetipoen 4 taoen sampoen gadah arta *f* 6000.— antjasipoen kanggé mitoeloengi para warganipoen ingkang preloe. Woesana sareng dipoen priksa, kasipoen kotong, arta ingkang *f* 3200.— pinanggih aloeraning tandjanipoen, déné sanès-sanèsipoen boten kantenan.

Lo, kok ngono.

ASIA.

Ingkang medjahi kapitan Nakamura. Serat kabar Tiong Hoa martosaken, djéndral Kuan Yu Hang, ingkang kadakwa medjahi kapitan Nakamura, ontjat saking Moekden dateng Peiping. Wadya Djepan medjahi tijang ingkang warninipoen mirib djéndral waoe.

Dederan widji awon poenika adakan noewoehaken tindak seling serep.

Oetoesan Paréntah dateng Bangkok. Dipoen tetepaken dados oetoesaning Paréntah Walandi dateng Internationale Opium-conferentie ing Bangkok béndjing tanggal 9 November 1931 toewan W. G. van Wettum lan malih Mr. C. Ph. C. E. Steinmetz, Mr. H. Holtkamp, secretarisipoen toewan P. G. G. J. Lubbers.

Kawigatosan ingkang ngantos dados rembag kalijan lijan pradja, moegi maédahana ageng toemrap Indonesia.

Serat panantang. Ing sapoenika saja kasamaraken sanget, amargi Tiongkok kintoen serat panantang dateng Djepang, awewaton soepados Djepan toemoenten njingkiraken wadyanipoen saking Mantsjoerije. Saja damel kasamaran malih sareng wonten katrangan bilih serat saking Djepan mratélakaken boten poeroen wawan rembag kalijan Volkenbond, amargi Volkenbond boten nampi katrangan djangkep.

Sawoeng ingkang nedya soelaja, poenika inggih tansah wonten kémawon ingkang kanggé djalaran.

AMERIKA.

Amerika njamaraken. Departement sadjawining pradja ing Amerika Sarikat, njamaraken sanget dateng panantangipoen Tiongkok dateng Djepan anggèning badé ngadjak perang. Bab poenika manawi Volkenbond wéja, temtoe badé kadadosan. Pakabaran poenika toemrapipoen Amerika kaanggep ingkang wigatos pijambak. Minister Stimson ladjeng nindakaken réka daja badé njirep bab poenika.

Kados poendi dajanipoen Amerika ing bab poenika, kinten-kinten ladjeng katingal.

ปีกระทรวงมหาดไทย ๒๓๑๑ ปีมะเมีย

: ๑๐๐ :

ปีกระทรวงมหาดไทย ๒๓๑๑ ปีมะเมีย ๑๐๐

ᨿᨿᨿ

সজারু

সজারু ছোট জন্তু। ইহাদের গায়ে কাঁটা থাকে। কাঁটাগুলি শক্ত ও ধারালো। সজারু বড় ভীরু। ইহারা সর্ব্বদা ভয়ে ভয়ে থাকে। ইহারা দিনে বাহির হয় না। রাত্রিতে ইহারা খাদ্য অন্বেষণে বাহির হয়। ইহারা ফল, মূল, শস্য, কীট, পতঙ্গ খায়। ইহারা গর্ত্তে বাস করে। ইহারা গর্ত্তের মুখে কাঁটা রাখিয়া দেয়। ইহারা গর্ত্তের মধ্যে শুকনা পাতা ও ঘাস বিছাইয়া শয়ন করে। ইহারা গর্ত্তের মধ্যে বাচ্চা প্রসব করে। ইহারা বাচ্চাকে দুধ খাওয়ায়। ইহারা বাচ্চাকে আগলিয়া রাখে। ইহারা বাচ্চাকে কাঁটা দিয়া

๑ ปัญญาวันตชาดก

ดูกรภิกษุทั้งหลาย ก็ในกาลนั้นแล ฤๅษีตนหนึ่งผู้ทรงฌานสมาบัติ ๕ ประการ ๑

SWEET MAY
Toilet Soap

SWEET
MAY
Toilet Soap

SWEET MAY

ইহা পূর্ব্ব
ভিন্ন পূর্ব্ব ভাব ভাব ভাব

Sweet May

ইহাকে পবিত্র পুষ্পের
ন্যায় সুগন্ধ, সুন্দর
কিন্তু সুখকর পবিত্র
ভাবের পরিচায়ক।

HODGSON & SIMPSON LTD.
LONDON AND LIVERPOOL, ENGLAND

E-SMT 6-152

លក្ខណៈនៃស្បូនសម្រស់ដ៏ល្អ

ក្នុងចំណោម Nancy Caroll នៅ Paramount ស្ត្រីមួយរូប៖ សម្រាប់ Lux Toilet ជាមធ្យមគេ ហៅថាស្ពូនបាន។

ក្នុងចំណោម 10 នាក់ 9 នាក់ជ្រើសរើសយកយីហោ Lux Toilet។

ក្នុងចំណោមតារាស្រីដ៏ល្អបំផុតនៅ Hollywood ចាប់ពីតារាស្ត្រីមួយចំនួន 714 ជាមធ្យម 703 នាក់ជាតារានៅតែ ... Lux Toilet។ ... Lux Toilet។ ... Lux Toilet ... Lux Toilet ...

LUX TOILET ZEEP

ស្ពូន Lux Toilet

ក្នុងចំណោមតារាស្ត្រីមួយចំនួនធំ

ក្នុងចំណោម ALICE WHITE ... First National ...

LEVER BROTHERS LIMITED, PORT SUNLIGHT, ENGLAND

X-LTS 119-293 D

CHEVROLET



CHEVROLET

N. V. GENERAL MOTORS JAVA